

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode panalungtikan tindakan kelas (PTK). Panalungtikan tindakan kelas nya éta salah hiji panalungtikan tindakan nu dilakukeun ku guru sakaligus salaku panalungtik di kelasna atawa gawé bareng jeung nu lian (kolaborasi) ku jalan ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratif jeung partisipatif nu tujuanana sangkan bisa ngaronjatkeun mutu prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus (Kusnandar, 2006: 84).

Nurutkeun Elliot dina Supardi (2009: 101) panalungtikan tindakan kelas nya éta ulikan tina hiji situasi sosial ku kamungkinan tindakan pikeun ngabenerkeun kualitas situasi sosial nu tangtu. Sedengkeun Kurt Lewin dina Supardi (2009: 102) nétélakeun yén panalungtikan tindakan kelas téh nya éta runtuyan léngkah-léngkah anu ngawengku opat tahap, nya éta perencanaan, tindakan, pengamatan, jeung réfléksi.

Luyu jeung pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén panalungtikan tindakan kelas mangrupa salah sahiji ulikan anu sifatna réfléktif ku palaku tindakan, pikeun ngaronjatkeun keyakinan rasional tina tindakan-tindakanana dina ngalaksanakeun pancén, maham kana tindakan-tindakan anu dilakukeun, jeung

ngarobah cara-cara pangajaran anu dilaksanakeun pikeun ngarobah hiji situasi sosial.

Dina panalungtikan tindakan kelas guru miboga peran salaku panalungtik jeung observer di jero kelas kolaborasi jeung puseur diajar anu mantuan kana nyiapkeun fasilitas diajar. Rarancang panalungtikan saperti anu aya dina bagan di handap ieu.



Gambar 3.1 Rarancang Panalungtikan (Ibnu, 2004)

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dikumpulkeun tur diolah nepi ka hasilna bisa disajikeun pikeun bahan analisis. Data dina ieu panalungtikan méré gambaran ngeunaan aktivitas siswa, kinerja guru, jeung *ketuntasan* siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*.

Dina prak-prakan panalungtikan anu ngagunakeun métode panalungtikan tindakan kelas, digunakeun sawatara téhnik panalungtikan nya éta téhnik wawancara, téhnik observasi, jeung tés.

- 1) Téhnik wawancara nya éta hiji dialog nu dilakukeun ku nu ngawawancara pikeun meunangkeun informasi ti anu diwawancara. Anu diwawancara nya éta siswa. Eusi pedoman wawancara dumasar kana pangajaran nu geus ditepikeun;
- 2) Téhnik observasi nya éta tindakan non tés anu dilakukeun pikeun nalungtik sakabéh kagiatan diajar boh kinerja guru boh aktifitas siswa, ti mimiti nepi ka ahir pangajaran ngeunaan nulis aksara Sunda;
- 3) Téhnik tés hasil diajar nya éta runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa. Tés ieu dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*. Bentuk tés anu digunakeun nya éta éséy.

3.3 Rencana Panalungtikan

3.3.1 Tempat Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun tempat ngalaksanakeun panalungtikan nya éta di SMA Pasundan 3 Bandung.

3.3.2 Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011 anu jumlahna 39 siswa, lalaki 20 siswa, jeung awéwé 19 siswa.

3.3.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu lumangsung salila sabulan nya éta bulan November 2010.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh ngabogaan persépsi anu sarua jeung téori, di handap ieu ditétélakeun istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan nya éta:

- 1) Modél *Explicit Intruction* nya éta modél pangajaran langsung anu husus dirancang pikeun ngamekarkeun diajar siswa ngeunaan pangaweruh prosédural jeung pangaweruh déklaratif nu bisa diajarkeun ku pola saléngkah-saléngkah;
- 2) Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan nurunkeun jeung ngalukiskeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi;


- 3) Aksara Sunda nya éta aksara anu digunakeun ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis. Ku ayana tradisi tulisan generasi saterusna bisa manggihan informasi penting ngeunaan sajarah, ajén-ajén budaya, jeung aspék budaya lianna.

Jadi anu dimaksud ku judul “Modél *Explicit Intruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda” nya éta hiji kagiatan diajar nulis ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction* kalawan pola saléngkah-saléngkah nepi ka siswa bisa nyangking pangaweruh kana pangajaran Aksara Sunda.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Métode panalungtikan anu dipaké nya éta panalungtikan tindakan kelas (PTK). Prosedurna dilaksanakeun dina dua siklus anu aya pakuat-pakaitna antara nu hiji jeung nu séjénna. Saméméh asup kana siklus, tahapan mimiti nu dilakukeun nya éta pra-PTK atawa idéntifikasi masalah, analisis, jeung rumusan hipotésis tindakan. Tahapan pra-PTK ieu kawilang penting pikeun dijadikeun salah sahiji réfléksi ti guru kana masalah anu aya di jero kelas.

Modél panalungtikan anu dipilih nya éta ngagunakeun modél spiral ti Arikunto (2009: 16). Siklus modél Arikunto ieu dilaksanakeun sacara tuluy-tumuly, saperti siklus di handap ieu.



Gambar 3.2 Model Penelitian Tindakan Kelas (Arikunto, 2009: 16)

Léngkah-léngkah dina modél siklus ieu nya éta:

- 1) perencanaan (*planning*);
- 2) pelaksanaan (*acting*);
- 3) pengamatan/ observasi (*observing*);
- 4) réfléksi (*reflecting*).

a) Siklus 1

- 1) Perencanaan nya éta persiapan anu dilakukeun pikeun ngalaksanakeun

PTK, anu ngawengku:

- a. Ngalakukeun analisis kurikulum pikeun mikanyaho kompetensi dasar anu bakal ditepikeun ka siswa anu luyu jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD);

- b. Nyieun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) kalawan merhatikeun poko bahasan anu bakal diajarkeun;
 - c. Ngajéntrékeun alternatif-alternatif solusi anu bakal diujicobakeun dina méréskeun hiji masalah;
 - d. Nyieun lembar gawé siswa;
 - e. Nyieun instrumén anu digunakeun dina PTK;
 - f. Nyieun alat evaluasi pangajaran anu luyu jeung indikator hasil diajar siswa.
- 2) Pelaksanaan tindakan nya éta déskripsi tindakan anu bakal dilakukeun, skenario gawé tindakan anu bakal dipigawé, jeung prosedur panalungtikan anu bakal diterapkeun;
 - 3) Pengamatan atawa observasi, nya éta prosedur ngarékam data ngeunaan prosés jeung produk tina impleméntasi tindakan anu dirarancang. Instrumén anu geus disiapkeun saacanna kudu dijéntrékeun sacara rinci jeung lugas kaasup cara ngamonitorna ngaliwatan dokuméntasi;
 - 4) Analisis jeung réfléksi, mangrupa pedaran ngeunaan prosedur analisis kana hasil panalungtikan jeung réfléksi anu aya pakuat-pakaitna jeung prosés katut hasil tindakan anu dilaksanakeun, sarta kritéria katut rarancang pikeun tindakan dina siklus saterusna.

b) Siklus 2

1) Perencanaan

Panalungtik nyieun rarancang pangajaran luyu jeung hasil réfléksi siklus kahiji.

2) Pelaksanaan

Guru ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung hasil réfléksi siklus kahiji.

3) Pengamatan

Panalungtik ngalakukeun pemetaan kana aktivitas diajar.

4) Réfléksi

Panalungtik ngalakukeun réfléksi kana pelaksanaan siklus kadua jeung nganalisis data sarta nyieun kacindekan tina pelaksanaan diajar anu geus direncanakeun ku ngalaksanakeun tindakan nu tangtu.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Alat digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis siswa ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*. Pikeun ngumpulkeun datana, alat anu digunakeun dumasar prosedur gawé nya éta lembar observasi, lembar tés, jeung lembar wawancara.

1) Lembar Observasi

Lembar panduan observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data aktivitas diajar siswa jeung kinerja guru salila lumangsungna prosés pangajaran.

2) Lembar tést

Ieu instrumen digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa jeung ngajaring validitas data ngeunaan parobahan hasil diajar siswa ngaliwatan *post test*, test formatif anu sifatna kualitatif, nepi ka bisa dijadikeun bahan tinimbangan dina nangtukeun kaputusan.

3) Lembar Wawancara

Alat anu digunakeun pikeun mikanyaho sawangan atawa sikep siswa kana pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*.

3.7 Prosedur Ngumpulkeun Data

Prosés ngumpulkeun data dilakukeun dina unggal aktivitas situasi atawa kajadian anu aya patalina jeung tindakan panalungtikan anu dilakukeun.

Prak-prakan ngumpulkeun data sacara gurat badagna nya éta:

- 1) Observasi awal pikeun ngaidéntifikasi awal masalahna;
- 2) Dina prak-prakan panalungtikan analisis, réfléksi kana tindakan siklus I;
- 3) Dina prak-prakan panalungtikan analisis, réfléksi kana tindakan siklus II;
- 4) Évaluasi kana pelaksanaan siklus;
- 5) Observasi ka siswa jeung guru;
- 6) Ngaanalisis tingkat hasil diajar siswa ngeunaan kamampuh nulis;
- 7) Ngaanalisis sikep siswa kana pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*.

Sanggeus data dikumpulkeun, saterusna dirékapitulasi dina wangun tabél saperti anu katitén di handap ieu.

Tabél 3.1 Prosedur Ngumpulkeun Data

No	Sumber Data	Jenis Data	Téhnik Ngumpulkeun	Instrumén
1.	Siswa	Jumlah siswa nu bisa migawé soal <i>pre test</i> jeung <i>post test</i>	Ngalaksanakeun tés tulis	Soal tés
2.	Guru	Léngkah-léngkah pangajaran	Observasi jeung dokuméntasi	Pedoman Observasi
3.	Guru jeung Siswa	Aktifitas guru jeung siswa lumangsungna pangajaran salila	Observasi jeung dokuméntasi	Pedoman Observasi
4.	Siswa	Réspon siswa kana pangajaran nu ditepikeun	Wawancara	Pedoman Wawancara

3.8 Prosedur Ngolah Data

Ngolah data jeung analisis data dilakukeun salila panalungtikan lumangsung sacara tuluy-tumuluy ti mimiti nepi ka ahir pelaksanaan tindakan. Ngolah data panalungtikan téh ngagunakeun cara nganalisis data sacara kualitatif jeung kuantitatif. Data kualitatif mangrupa informasi anu méré gambaran ngeunaan hiji masalah panalungtikan ngeunaan katégori abstrak jeung hubunganana anu ngaéksprésikeun siswa ngeunaan prosés jeung hasil diajarna (resep-teu resep, sugema-teu sugema, paham-teu/kurang paham jsté). Sedengkeun data kuantitatif mangrupa angka-angka ngeunaan tés hasil diajar siswa sanggeus pangajaran.

Léngkah-léngkah nganalisis data nu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawéngku cara méré skor tés awal jeung tés ahir, nganalisis pamahaman siswa, jeung analisis aktivitas siswa jeung kinerja guru.

a) Cara méré skor Tés awal jeung Tés ahir

Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa Sunda di SMA Pasundan 3 Bandung nya éta 60. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun ≥ 60 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti 60 (< 60). Sangkan leuwih jentré bisa dititénan dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.2 Konversi Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 60	Tuntas
< 60	Can tuntas

b) Analisis Peningkatan Pamahaman Siswa

Peningkatan pamahaman siswa bisa dikategorikeun dumasar indeks *gain*. Harga indeks *gain* bisa dititénan dina tabél ieu di handap:

**Tabél 3.3
Hubungan Indeks *Gain* jeung Katégori Peningkatan Pamahaman**

Rentang indeks <i>Gain</i>	Katégori
$(G) < 0,30$	Handap
$0,70 > (G) > 0,30$	Sedeng
$(G) > 0,70$	Luhur

Téhnik analisis data nu dilakukeun pikeun nuduhkeun peningkatan pamahaman siswa ditangtukeun dumasar préséntase normalisasi *gain* ngagunakeun rumus:

$$N_{\text{Gain}} = \frac{X_{\text{postes}} - X_{\text{pretes}}}{X_{\text{ideal}} - X_{\text{pretes}}}$$

Katerangan:

N_{Gain} : Presentasi normalisasi gain
 $X_{\text{postés}}$: Nilai tés ahir
 $X_{\text{pretés}}$: Nilai tés awal
 X_{ideal} : Nilai ideal (100)

c) Analisis Aktivitas Siswa jeung Kinerja Guru

Analisis aktivitas siswa jeung kinerja guru bisa di itung ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{\sum n_i}{\sum N} \times 100\%$$

Katerangan:

p = Persentase aktivitas
 $\sum n_i$ = *Check list* tiap indikator aktivitas
 $\sum N$ = jumlah *check List* sakabeh indikator aktivitas.